

## **BAB V**

### **KACINDEKAN JEUNG SARAN**

#### **5.1. Kacindekan**

Dumasar kana hasil analisis data dina bab 4, bisa dicindekeun yén tina 40 karangan siswa anu diajén dumasar kana aspek-aspekna anu ngawengku kualitas jeung lingkup eusi, organisasi jeung tampilan eusi, gaya basa, wawancara gramatikal, éjahan, jeung karapihan tulisan, rata-rata ngalaman parobahan anu positif atawa ningkat.

Dumasar kana hasil uji karangan siswa antara pratés jeung pascatés, bisa disebutkeun yén média gambar bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis karangan déskripsi siswa, lantaran rata-rata peunteun kamampuh awal (pratés) nya éta 16, 35, sedengkeun rata-rata kamampuh ahir (pascatés) ningkat jadi 18, 88. Jadi, gedéna pangaruh média gambar kana ngaronjatkeun hasil diajar siswa nya éta 2, 53.

Dumasar kana hasil uji gain, kamampuh ngarang siswa rata-rata ningkat. Dina pratés anu teu make média gambar jumlahna 216, 7 (rata-rata 5, 42) sedeng jumlah jeung rata-rata dina pascatés ningkat jadi 251, 4 (rata-rata 6, 29), jadi gedéna pangaruh média gambar dina hasil uji gain nya éta 34, 7 (rata-rata 0, 87).

Dumasar kana hasil uji rata-rata (uji t), antara pratés jeung pascatés siswa kelas VIII SMPN I Parongpong signifikan, ieu hal bisa dititénan tina hasil ngitung  $t_{itung}$  (8,7) >  $t_{tabel}$  (2,62) dina taraf kapercayaaaan 99% kalawan db= 39.

Hartina, aya bédha anu signifikan antara kamampuh ngarang déskripsi siswa dina pratés jeung pascatés.

Pédaran di luhur bisa ngajawab rumusan masalah nu kahiji nya éta média gambar gedé pangaruhna atawa boga pangaruh anu positif pikeun ningkatkeun kamampuh nulis karangan déskripsi siswa kelas VIII SMPN I Parongpong. Sarta ngajawab rumusan masalah nu kadua nya éta bédana tingkat kamampuh nulis karangan déskripsi siswa kelas VIII SMPN I Parongpong saméméh jeung sabada digunakeuna média gambar nya éta 0, 87.

Dumasar kana pédarán di luhur bisa dicindekkeun yén hipotésis alternatif ( $H_a$ ) ditarima, sarta hjipotésis nol ( $H_0$ ) ditolak. Tétéla yén média gambar dina pangajaran nulis bisa ningkatkeun kamampuh nulis karangan déskripsi siswa kelas VIII SMPN I Parongpong.

## **5.2 Saran**

Sabada ngayakeun panalungtikan sarta tina pangalaman sacara langsung nganalisis karangan déskripsi siswa kelas VIII SMPN I Parongpong, panulis baris nepikeun saran-saran sangkan kammapuh nulis karangan siswa bisa ngaronjat, saperti anu disebutkeun di handap ieu.

- 1) Dina milih média pangajaran guru kudu bisa milih média anu cocog hususna média gambar anu dipikaresep ku siswa sangkan dina nepikeun pangajaran, daya imajinasi siswa dina neangan ide jeung kecap-kecap anu éfektif bisa kapanggih, sarta dina ngembangkeun ide jeung pamikiran siswa leuwih kréatif.
- 2) Aspék anu kurang ningkat dina nyumponan wangun gramatikal jeung ejahan. Ku kituna, guru dipiharep bisa leuwih ningkatkeun éta aspék, sangkan pangaweruh ngunaan aturan dina nulis bisa dipikaharti ku siswa.
- 3) Luyu jeung hasil panalungtikan, média gambar bisa digunakeun dina pangajaran nulis.

